



Pou Piblikasyon Imedya: 26/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU NOUVO VARYAN COVID YO

"N ap siveye ak anpil atansyon aparisyon varyant SARS-CoV-2 B.1.1.529, ki rele tou varyan Omikwon. Laboratwa Sant Wadsworth (Wadsworth Center Laboratory) Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ap kontinye kontwole aktivman echantiyon viris COVID-19 yo chwazi nan tout Eta New York pou konpare sekans yo epi idantifye varyant k ap sikile ak nouvo varyant yo. Pandan nou pa ko idantifye okenn ka Omikwon, nou pa etone ke nouvo varyant yo ap parèt epi yo ka gendwa ateri nan New York. Nou pral kontinye kontwole aksyon WHO (OMS) yo epi travay avèk patnè nou yo nan CDC pou siveye devlopman yo deprè."

"Mwen vle raple Nouyòkè yo pou yo kontinye pran mezi prekosyon nou konnen pou redwi pwopagasyon viris mòtèl sa a: mete yon mask nan espas piblik enteryè yo, sèvi ak bon ijyèn men, fè tès la epi rete lakay ou lè ou malad. Vaksen an rete youn nan pi gwo zam nou nan konbat pandemi an, e nouvèl sa a mete aksan sou nesesite pou nou chak pran vaksen e pou nou pran dòz rapèl la si nou pran vaksen an konplètman."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418